KIDUNG RAHAYU

Dangdanggula

1. Ana kidung rumeksa ing wengi,
teguh ayu luputa ing lara,
luputa bilahi kabeh,
jin setan datan purun,
paneluhan tan ana wani,
miwah panggawe ala,
gunane wong luput,
geni anemahan tirta,
maling adoh tan ana ngarah ing kami,
guna duduk pan sirna.

2. Sakehin lara pan samja bali,
sakehing ama sami miruda,
welas asih pandulune,
sakehing bradja luput,
kadi kapuk tibanireki,
sakehing wisa tawa,
sato kuda tutut,
kayu aheng lemah sangar songing landak,
guwaning mong lemah miring,
mjang pakiponing merak.

3. Pagupakaning warak sakalir,
nadyan artja mjang sagara asat,
satemah rahayu kabeh,
dadi sarira aju,
ingideran mring widhadari,
rinekseng malaekat,

sakatahing rusuh,
pan dan sarira tunggal,
ati Adam utekku Bagenda Esis,
pangucapku ya Musa.

4. Napasingun Nabi Isa luwih,
Nabi Yakub pamiyarsaningwang,
Yusuf ing rupaku mangke,
Nabi Dawud swaraku,
Yang Suleman kasekten mami,
Ibrahim nyawaningwang,
Idris ing rambutku,
Bagendali kulitingwang,
Abu Bakar getih,
daging Umar singgih,
balung Bagenda Usman.

5. Sungsumingsun Fatimah Linuwih,
Siti Aminah bajuning angga,
Ayub minangka ususe,
sakehing wulu tuwuh,
ing sarira tunggal lan Nabi,
Cahyaku ya Muhammad,
panduluku Rasul,
pinajungan Adam syara,
sampun pepak sakatahing para nabi,
dadi sarira tunggal.

6. Wiji sawiji mulane dadi,
pan apencar dadiya sining jagad,
kasamadan dening Date,

kang maca kang angrungu,
kang anurat ingkang nimpeni,
rahayu ingkang badan,
kinarya sesembur,
winacaknaing toja,
kinarya dus rara tuwa gelis laki,
wong edan dadi waras.

7. Lamun arsa tulus nandur pari
puwasaa sawengi sadina,
iderana gelengane,
wacanen kidung iki,
sakeh ama tan ana wani,
miwah yen ginawa perang
wateken ing sekul,
antuka tigang pulukan,
mungsuhira lerep datan ana wani,
teguh ayu payudan.

8. Lamun ora bisa maca kaki,
winawera kinarya ajimat,
teguh ayu penemune,
lamun ginawa nglurug,
mungsuhira datan udani,
luput senjata uwa,
iku pamrihipun,
sabarang pakaryanira,
pan rineksa dening Yang Kang Maha Suci,
sakarsane tinekaken

9. Lamun ana wong kabanda kaki,

lan kadenda kang kabotan utang,
poma kidung iku bae,
wacakna tengah dalu,
ping salawe den banget mamrih,
luwaring kang kabanda,
kang dinenda wurung,
dedosane ingapura,
wong kang utang sinauran ing Yang Widdhi,
kang dadi waras.

10. Sing sapa reke arsa nglakoni,
amutiha amawa,
patang puluh dina wae,
lan tangi wektu subuh,
lan den sabar sukur ing ati,
Insya Allah tineken,
sakarsanireku,
enjawabi nak rakyatira,
saking sawab ing ilmu pangiket mami,
duk aneng Kalijaga.
Kuwasaning Artadaya.

11. Sapa kang wruh Artadaya iki,
pan jumeneng sujanma utama,
kang wruh namane artate,
masyrik magrib kawengku,
sabdaning kang pandita luwih,
prapteng sagara
wetan angumbara iku,
akekasih Sidanglana Sidajati ingaranan Ki Artati,
nyata jati sampurna.

12. Ana kidung reke Ki Artati,
sapa wruha reke araning wang,
duk ingsun ing ngare,
miwah duk aneng gunung,
Ki Artati lan Wisamati,
ngalih aran ping tiga,
Artadaya tengsun
araningsun duk jejaka,
mangka aran Ismail Jatimalengis,
aneng tengeahing jagad.

13. Sapa kang wruh kembang tepus kaki,
sasat weruh reke Artadaya,
tunggal pancer lan somahe,
sing sapa wruh panu
……sasat sugih pagere wesi,
rineksa wong sajagad,
ingkang….iku,
lamun kinarya ngawula,
bratanana pitung dina….
gustimu asih marma.

14. Kang cinipta katekan Yang Widhi,
kang….. madakan kena,
tur rineksa Pangerane,
nadyan….. lamun nedya muja samadi,
sesandi ing nagara,
…..dumadi sarira tunggal,
tunggal jati swara,
…..aran Sekar jempina.

15. Somahira ingaran Panjari,
milu urip lawan milu pejah,
tan pisah ing saparane,
paripurna satuhu,
jen nirmala waluya jati,
kena ing kene kana,
ing wusananipun,
ajejuluk Adimulya Cahya
ening jumeneng aneng Artati,
anom tan keneng tuwa.

16. Tigalan kamulanireki,
Nile hening arane duk gesang,
duk mati Lajangsukmane,
lan Suksma ngambareku,
ing asmara mor raga jati,
durung darbe peparab,
duk rarene iku,
awajah bisa dedolan,
aranana Sang Tyasjati Sang Artati,
jeku sang Artadaya.

17. Dadi wisa mangka amartani,
lamun marta temah amisaya,
marma Artadaya rane,
duk laga aneng gunung,
ngalih aran Asmarajati,
wajah tumekeng tuwa,
eling ibunipun,
linari lunga mangetan,

Ki Artati nurut gigiring Marapi,
wangsul ngancik Sundara.

18. Wiwitane duk anemu candi,
gegedongan reke kang winrangkan,
sihing Yang kabesmi mangke,
tan ana janma kang wruh,
yen weruha purwane dadi.

19. Sagara gunung myang bumi langit,
lawan ingkang amengku buwana,
kasor ing Artadajane,
sagara sat lan gunung,
guntur sirna guwa pesagi,
sapa wruh Artadaya,
dadya teguh timbul,
dadi paliyasing aprang,
yen lelungan kang kepapag wedi asih,
sato galak suminggah.

20. Jin prayangan pada wedi asih,
wedi asih sagunging drubigsa,
rineksa siang-dalune,
ingkang anempuh lumpuh,
tan tumama mring awak mami,
kang nedya tan raharja,
sadaya linebur,
sakehing kang nedya ala,
larut sirna kang nedya becik basuki,
kang sinedya waluya.

21. Gunung guntur penglebur guweki,
sagara sat bengawan suh sirna,
kang wruh Artadaya reke,
pan dadi teguh timbul,
kang jumeneng manusa jati,
ngadeg bumi sampurna,
Yang Suksma sih lulut,
kang manusa tan asiha,
Sang Yang Tunggal parandene wedi asih,
Yang Asmara mong raga.

22. Sagara agung amengku bumi,
surya lintang mjang wong sabuwana,
wedi angidep sakehe,
kang kuwasa anebut,
dadya paliyasing prang dadi,
paser panah sumimpang,
tumbak bedil luput,
liwat sakatahing braja,
yen linakon adoh ing lara bilahi,
yen dipun apalena.

23. Siang dalu rineksa Yang Widhhi,
sasedyane tinekan Yang Suksma,
kinedepan janma akeh,
karan wikuning wiku
wikan liring puja samadi,
tinekan sedyanira,
kang mangunah luhung,
peparab Yang Tigalana
ingkang simpen kang tuwayuh jroning ati,

adoh ingkang bebaya.

24. Sakehing wisa tan ana mandi,
sakehing lenga datan tumama,
lebur muspa ilang kabeh,
duduk tenung pan ayu,
taragnyana tan ana mandi,
sambang dengan suminggah,
samya lebur larut,
ingkang sedya ora teka,
ingkang teka ora nedya iku singgih
lebur sakehing wisa.

25. Yen kinarya atunggu wong sakit,
ejin setan datan wani ngambah,
rinekseng malaekate,
nabi wali angepung,
sakeh ama pada sumingkir,
ingkang sedya mitenah,
miwah gawe dudu,
rinu sak maring Pangeran,
iblis nangnat sato mara mati,
tumpes tapis sadaya.

IKI TOPAH MURSALAT

Dandanggula

1. Kitab Topah winedhar ing jawi,
amrih gampil wau ingkang lapal,
miwah ta ing surasane,
sakehe kang angrungu,
miwah ingkang amaca tulis,

sami sinimpen manah,
agung sawabipun,
sakathahe pra sujanma,
ingkang sami ngawruhi rasane ngati,
sami den apalena.

2. Ri sampunune ngandika Seh Ngali,
arsa nerangaken lapalipun,
langkung kathah maknane singgih,
mesi rasa surasa,
surasane ngelmu,
kang bangsa ngelmu tarekat,
atanapi kang ngelmu kakekat tuwin,
makripat kang minulya.

3. Angandika Seh Bagendha Ngali,
duk anurat medhar Kitab Topah,
kalawan sih nugrahane,
ing Hyang Kang Mahaluhur,
atanapi mami,
inggih Nabi Mohammad,
ya Rasulullahu,
pangidhep umat sadaya,
aneng donya miwah ing akerat ugi,
prapteng ari kiyamat.

4. Satuhune anane Hyang Widi,
Maha Suci datan warna rupa,
tan owah gingsir anane,
sawusira awujud,
datan owah ananireki,

duk dereng wonten asma
teteping Hyang Agung,
duk meneng lan dhewekira,
ananing Hyang ing mangke kadya ing nguni,
langgeng tan kena owah.

5. Nging sipate Hyang awarni-warni,
beda-beda tanpa wiwilangan,
dadya aling-aling kabeh,
katon aweh pituduh,
datan mulat ingkang sejati,
kandheg ing warna rupa,
tingale abawur,
datan weruh jatinira,
dadya bingung kesasar ing ndalem margi,
tan wruh ing marganira.

6. Ingkang weruh tuduh kang sejati,
nora kewran aneng ing dedelan,
dene wus wruh pitedahe,
salire kang kadulu,
katingalan rupa sejati,
lan kandheg warna rupa,
rupane dinulu,
dinulu jroning paesan,
rupa jati katingal rupa majaji,
nyata neng priyangga.

7. Priyanggeku weruh ing sejati,
nora weruh mangke ananira,
dene ngadam sejatine,

ing rohe dewekipun,
nanging lawan ingkang ndarbeni,
ya dhewe ananira,
wangsul solahipun,
datan darbe polah dhawak,
nanging lawan polahe ingkang ndarbeni,
priyangga ananira.

8. Sakathahe saliring dumadi,
nora sepi saking ananing Hyang,
tan kajaba sakabehe,
saking wujud Hyang Agung,
kawimbuhan sadaya sami,
saengga ingkang sadrah,
datan ana suwung,
sadaya pan kawimbuhan,
sadurunge gumelar jagad dumadi,
miwah sawuse ana.

9. Lawimbuhan ing sawiji-wiji,
saderengira jagat gumelar,
dene wus nyata anane,
sadurunge awujud,
wus pinethi ing ndalem ngelmi,
sawuse karit tunggal,
kawimbuhan iku,
dene kodrat lan iradat,
miwah ngelmu ing mangke kadya ing nguni,
anane nora beda.

10. Angandika Seh Bagendha Ngali,

andarbeni anane Hyang Suksma,
martabat pitu anane,
kang satunggil lut kayun,
tegesipun martabat sepi,
takjunani drung ana,
gaib ananipun,
ingaranan dat kang mutlak,
pan Kun ning Hyang datan ana wong meruhi,
nadyan Nabi Melekat.

11. Melaekat kang musabah sami,
tan tuminggal ing Kun Hu Tangala,
tan ana wruh Kun yektine,
tan wonten saminipun,
sipat asma pan durung lahir,
baynat durung ana,
mung ing dhewekipun,
winastan wujud mokal,
nora katon ingayoman warna sepi,
sapa wruh kuna-kuna.

12. Sapa amrih ing Kun kang sejati,
apan tamtu wong iku kesasar,
datan weruh ing jatine,
sing sapa tuduh iku,
ambedhola gunung,
angasatna kang samodra,
nora manggih wong iku mring Kun sejati,
iku unine Kitab.

13. Sakeh martabat nora ngungkuli,

maring ing martabat akadiyat,
sadaya aneng ngandhape,
lan kaping kalihipun,
ingaranan kadiyat jati,
yeku martabat wahdat,
wiwit ana takyun,
kakekat nyata madiyah,
kang kasuksma ing rasane Hyang Sejati,
ing jro suhud datiyah.

14. Ing sangune pra kakekat sami,
dereng pisah kalawan Hyang Suksma,
maksih akumpul anane,
ing ndalem kukumipun,
datan beda maklum sawiji,
kasuksma ndalem wahdat,
mangke makalipun,
kakekat mukamadiyah,
kang minangka dadya nggenipun tajali,
ing ndalem gaibing Hyang.

15. Pan angandika Seh Muhjidini,
Wali Kutup ingkang bangsa Ngarab,
anut kang kitab wuwuse,
anane kang sun turut,
kang aluhur ya ananeki,
tetep ing alam murar,
kalarat kang luhur,
iya ingsun iya sira,
ora kalih iya sira iya mami,
ya Mohammad ya Allah.

16. Tetep anane ing awal akhir,
ngelmu ngalime lawan maklumat,
ora beda ing kukumne,
wahdat liyanipun,
sagung Ismu pan maksih tunggil,
hakekat mukamadiyah,
pan maksih akumpul,
dereng lahir ananira,
gaibipun ing ndalem wahdat sejati,
dereng pinisah-pisah.

17. Pralambange pang godhong lan uwit,
pan kasuksma ndalem wiji ika,
dereng pisah-pisah mangke,
pan godhong wijinipun,
ana angucap mangke puniki,
upama ananira,
kang kocap karuhun,
samangke pan winicara,
upamane iya sira iya mami,
ya Allah ya Muhammad.

18. Pralambange umamanya sami,
tatkala ing ngadalem wahdatira,
sagunge aksara kabeh,
ing dalem mangsi kumpul,
nora beda kurup sawiji,
mangkana ta ing wahdat,
ing pralambangipun,
sagunge pangucap ika,

ing lahire iya sira mami,
dereng apisah-pisah.

19. Ping tigane den sami ngawruhi,
ing dalem martabat wakidiyat,
ing takyun sami enggone,
pangawruhe Hyang Agung,
ing datira iku pribadi,
miwah ing sipat asma,
mangkana ing takyun,
sadaya tan pisah-pisah,
sakathahe maklimat apan sun pesthi,
ing ndalem ngelmuning Hyang.

20. Datan kena angucap lir uni,
ing martabat wachadiyat ika,
dene wus pesthi anane,
sawiji-wiji maklum,
datan iku ingkang ngawali,
kadya ing ndalem wahdat,
kukume Hyang Agung,
ing martabat wakidiyat,
wus pinesthi maklum denira Hyang Widi,
beda ing ndalem wahdat.

21. Sagunge maklum ing dalem ngelmi,
iya iku aran takyun awal,
kang awal iku anane,
mijil saking latakyun,
metu saking karsa kang gaib,
tetep aneng ngayunan,

kalarat kang luhur,
kang aran kurup ngaliyah,
ingkang tetep ing ndalem wahdat sejati,
atas dadalan mutmal.

22. Upamane lir akyan kang sabit,
pan kang karit anut wurunira,
suhud anane sabite,
kang aneng ndalem ngelmu,
tan sulaya warnane sami,
saengga warnanira,
lir tunggal sawujud,
tunggale tan kena tunggal,
akyan sabit kalawan akyan kang karit,
tan kena pinisaha.

23. Akyan sabit lan akyan kang karit,
dennya lawan tajalinireng Hyang,
nyata ing akyan jatine,
dat sipating Hyang Agung,
datan ana kalingan sami,
ndarbeni kunbainat,
nyata iku tuduh,
ing anane Hyang kang Mulya,
ingkang sampun oleh pituduh Hyang Widi,
tan samar ing paningal.

24. Sapa wonge iku andarbeni,
iya paningale karijiyah,
tunggal lawan khakekate,
luwih luhure suhud,

paningale maring Hyang Widi,
iku mulyane drajat,
suhude wong iku,
sing sapa arsa tumeka,
tatakona ingkang sampun ngaji pati,
dumadi tan sulaya.

25. Tuduhipun kang ndarbeni tulis,
yen arsa tumeka ing Hyang Suksma,
yun ngawruhi sarirane,
iku gegentenipun,
aja pegat dennya ngalingling,
satingkah paripolah,
tan ana lyanipun,
sayogya prihatin lampah,
yen wus yekti tan ana prabedaneki,
mungguh wong ahlul wahdat.

26. Iya tunggal pan jatine urip,
dipun nyata wekasane tunggal,
anyiptaha ing cermine,
jenenge tunggal iku,
datan ana iku kakalih,
sasmitane cangkriman,
marmane keh kerup,
lan malih jatine rasa,
kasamaran idhepe pan salah tampi,
den kira iku iya.

27. Ulatane reke den kapanggih,
pan anane kering lawan kanan,

tanapi luhur ngisore,
tan wonten ngajeng pungkur,
ulatana dipun kapanggih,
den yekti ingkang ana,
den awas andulu,
pan jati ana ing sira,
den waspada tingale ingkang sejati,
nyata sapolahira.

28. Angandika satengah wong supi,
satuhune akyan karijiyah,
anut kang aneng dheweke,
akyan kang karit iku,
datan siwah anairei,
kadya Wisnu lan Kresna,
ing pralambangipun,
lir kumandhang lan suwara,
tunggilipun tan kena tinunggil jati,
tunggal tan kena tunggal.

29. Angandika wong kang ahlul ngelmi,
satuhune kang akyan sabitah,
kadim tabihi arane,
anut kadime ngelmu,
datan kena pisah mengkoni,
anut kadime ngedat,
tan prabeda iku,
sangune kang amujud dat,
datan kena pisaha kadime sami,
edat kalawan sipat.

30. Upamane maklum tanpa ngelmi,
kadya ngelmi kang tanpa maklumat,
lir ngelmi tan ana date,
mokal ta jenengipun,
mangka ana akyan kang sabit,
tan lawan ngelmuning Hyang,
anane puniku,
kadya sipat lawan edat,
datan kena pisaha kadime sami,
edat kalawan sipat.

31. Satengahe wong ahlul supi,
amastani yen akyan sabitah,
anyar puniku tandhane,
anane anyaripun,
ing anyare akyan kang karit,
dene maklumat anyar,
anut maklumipun,
mulane winastan anyar,
wus mastani ingkang ngiket Insan Kamil,
anut kang kinawruhan.

32. Anut ing anyare akyan karit,
yekti ana maklumat punika,
sadurunge karit,
yekti ana maklumat punika,
sadrunge kari anane,
mila ing sawusipun,
mangkya angling Seh Yusup aris,
amiwah Seh Mokamad,
sing sapa wong iku,

mastani puniku anyar,
maksih mentah pan iku ngajiya maning,
yeku wong maksih bakal.

33. Satengahe ana kang mastani,
nora kadim reke nora anyar,
dene tan wujud anane,
ing ndalem karitipun,
datan ana liyane iki,
kang kadim lan kang anyar,
kang karit puniku,
marmanipun tan ingaran,
akyan sabitah tan anyar nora kadim,
dene tan karijiyah.

34. Ingaranan wujud ingkang sabit,
saking ing roh ngelmune Hyang Suksma,
dene weruh ing ngelmune,
winastan ismu iku ngadam,
ing roh dhewekipun,
apa kersane Hyang Suksma,
ingaranan istidat acawi-cawi,
ing karsane Hyang Suksma.

35. Dene maklumat ing ndalem ngelmi,
lawan maklumat ing ndalem ajal,
sadereng kartit anane,
anyar khakekatipun,
dena ana akyan kang karit,
tersandha mring khakekat,
anane puniku,

ingaran akyan sabitah,
dene apan aneng ngelmi,
mangkana wuwusira.

36. Mukmin iku reke pan kalih,
kang satunggil winastan jariyah,
dene wong supi anane,
wujud ing ndalem ngelmu,
kinawruhan ing ndalem ngelmi,
kaping kalihe ngadam,
anane puniku,
tan weruh ing ananira,
ngadam iku jatine nora ngawruhi,
dene iku tan ana.

37. Dadya sidik ingkang amastani,
mring sakehe akyan karijiyah,
saking ora pinangkane,
bener ujar puniku,
lan netepi ingkang mastani,
pan tetep tinetepan,
pinangkane iku,
sayekti tunggal pinangka,
tingalira sampun angawruhi wangsit,
kang ana mring ana.

38. Iya iku tingale utami,
mungguhing wong kang ahlul hakekat,
tingal kang tekeng jatine,
ing wong kadya ing dangu,
tan sulaya rupane sami,

lir aneng ing maklumat,
angucap wong luhur,
dhingin ingsun pan wus ana,
sadurunge gumelar jagat dumadi,
aran ndalem ngayunan.

39. Angandika wong kang ahlul supi,
hakekate amaujud edat,
iku rupane maklume,
kang aneng ndalem ngelmu,
ing tingale tekeng ing budi,
dene ngelmune tan ana,
tan kalawan maklum,
tan kena iku pinisah,
marmanipun ingaran akyan kang sabit,
tetep ing ngelmuning Hyang.

40. Kadime dat sipating Hyang Widi,
datan kena iku pinisahna,
dene tunggal sejatine,
mangkya maklumat iku,
datan kena pisah lan ngelmi,
lir sipat kalawan dat,
upamane iku,
mangka akyan sabitah,
datan kena pisaha kalawan ngelmi,
lir sipat kalawan dat.

41. Wus anyegah wong kang ahlul ngelmi,
yen kadime reke dhawak-dhawak,
pan wilangan satemahe,

kadime sipat iku,
yekti ana bangsa ilapi,
lan dhewek-dhewekira,
kadime Hyang agung,
wenang yen ta mangkonoha,
yekti ana anane Hyang kang sejati,
ilang jenenging Hesa.

42. Ri sampune sami angawruhi,
ing martabat kang tigang prakara,
kang wus kawingking tuture,
yogja sami yus weruh,
kang sakawan martabat karit,
arwah minsan ajean,
insankamil iku,
kang sakawan iku anyar,
iya iku nyatane akyan kang sabit,
nyata ing karijiyah.

43. Lakunipun akyan ingkang karit,
anut lakune akyansabitah,
ing ndalem ngelmi,
nyata ing karijiyah,
lakunipun iku,
mangkana kadya ing kuna,
nora beda lakune akyan kang karit
klayan akyan sabitah.

44. Sangunge martabat iku sami,
kumpul nyata mring martabat insan,
ya Insan Kamil prenahe,

tajaline Hyang agung,
nggone nyata kumpulan sami,
wahdat lan wakidiyat,
lan kang karit iku,
jujuluk wal ngalimin ngalam,
pakulpulan nggonira Hyang kang tajali,
nyateng Nabi Mostapa.

45. Ingkang minangka uwit tajali,
takyun awal kang akir atunggal,
ing takyunsani enggone,
miwah ing karitipun,
kang minangka iku wiwinih,
sakehe ing asiya,
umijil saking nur,
minangka gedhing kastuba,
pasenedan sagunge aksara sami,
akumpul nur Mohammad.

46. Wiwitane sagung kang dumadi,
iya iku ing Nabi Mohammad,
wiwitan asiya kabeh,
anut kang aneng ngelmu,
dene ana arwahe Nabi,
dadya iku wiwitan,
lahir ndalem ngelmu,
ing martabat akadiyat,
dadya ana wiwitan ing ndalem ngelmi,
gantya Asmaradana.

Asmaradana

1. Wiwitan ingkang dumadi,
saderenge jagad gumlar,
Nur Mohammad wiwitane,
ngandika Nabi Mustapa,
wiwitan kang dumadya,
iya iku enuringsun,
minangka asale janma.

2. Sakehe maklumat mijil,
metu saking enuringwang,
maklumat ing sakathahe,
sakathahira kang awal,
miwah kang lahir tunggal,
tan ana ing liyanipun,
pan ingsun kalipahing Hyang.

3. Yogya samiya ngrawuhi,
tegese martabat arwah,
jisim kang latip arane,
tan kena cinakrabawa,
lawan netra kepala,
miwah lawan tingal kalbu,
tan ana papadhanira.

4. Martabat misal puniki,
yeku kang bangsa kuniyah,
ingsun anane ing mangko,
kang latip kang ora kena,
nrimaha sapitedah,
latipe apan puniku,
tan katingal dening netra.

5. Lan malih martabat jisim,
iku ingkang anarima,
sapitedah ing anane,
kang kandel atumpah-tumpa,
lawan satengah-tengah,
mangkana ingkang saestu,
malihe martabat insan.

6. Pambaukaning tajali,
kang bangsa iku Pangeran,
insankamil ing nyatane,
dat sipat asma apngal,
nyateng martabat insan,
aparek hakekatipun,
kumpul ing martabat insan.

7. Ing awal kelawan akhir,
ingaken rasaning tunggal,
dene iku ing anane,
pangandikane Hyang Suksma,
manusa rasaningwang,
pan ingsun rasane iku,
kalbu mukmin kabeh tunggal.

8. Atine mukmin puniki,
kang ngaken wismanireng Hyang,
enggone tetela reke,
mukarahnya ing Pangeran,
dadya mangke waspada,
datan ana dhirinipun,

pan kalindhih ing Nurullah.

9. Yata ngandika Hyang Widi,
ingsun akarya manusa,
karana Muhammad reke,
lan sira karsaning nyawa,
yen tan ana'a sira,
nora andadekna iku,
sawiji-wiji manusa.

10. Tatkalane Kanjeng Nabi,
mekrat maring ing datollah,
sakehe martabat kabeh,
wus nyata Nabi Mohammad,
nyata ing ananira,
anane Hyang Maha Luhur,
winastan loroning tunggal.

11. Ri sampunira kadyeki,
den samiya ngawruhana,
ing ananira Hyang Manon,
satuhune wujuding Hyang
ndarbeni hes sampurna,
kakalih ingkang karuhun,
yeku sampurnane sadat.

12. Sampurnane dat sejati,
angawruhi dhirinira,
kalawan iku dhirine,
ing ndalem dhirine dhawak,
kalawan dhewekira,

tan kalawan liyanipun,
miwan ingkang bangsa liyan.

13. Kaping kalih asma jati,
ngibarat tajalining Hyang,
ing dalem iku erohe,
tingale ing dhirinira,
tan ana kang mamadha,
dat sipat lan apngalipun,
wus nyateng ndalem paesan.

14. Mangkana karit Hyang Widi,
ing ndalem iku paesan,
Maha Suci Hyang anane,
tan kena den rupakena,
lawan makam satunggal,
tan kena winedhar iku,
kalawan takyunanira.

15. Maha Suci Hyang sejati,
lamun tunggal apisaha,
lawan kang anyar anane,
miwah iku ingkang anyar,
atunggal apisaha,
kalawan kang Maha Luhur,
Maha Suci ananira.

16. Lamun anaha Hyang Widi,
dakil karit ingkang anyar,
sayekti kalih jenenge,
Maha Suci ananing Hyang,

yen sipat mangkonoha,
yekti ilang isyanipun,
iku lah wangsite Kitab.

17. Tatkala wus kasil sami,
ing rasa akyan sabitah,
myang karit iku anane,
dadya sira ingayunan,
lawan Pangeranira,
dadya andulu-dinulu,
ing ndalem paesan tunggal.

18. Paesan iku kakalih sami,
kang ngilo paesan tunggal,
tan kalih iku jenenge,
kang dinulu katingalan,
pan iya iku tunggal,
kang ndulu ingkang dinulu,
tan ana saweneh mulat.

19. Den becik sira nampani,
atine paesan tunggal,
kakalih sami angilo,
ing ndalem paesan tunggal,
iku ta dipun awas,
aja kaleru pandulu,
ing cermin priyangga tunggal.

20. Pan wus angucap wong sangir,
tatkala wus nyata sira,
Pangeran iku anane,

mangka ngawruhana sira,
dudu sira Hyang Suksma,
kapriye pilahe iku,
netepi kadya ing kuna.

21. Yen maksih sira ningali,
angrasa sira makripat,
tokid suhud ing Hyang Manon,
maksih tan tumeka sira,
iku sira kang samar,
dene kelingan kang ndulu,
dene angrasa makripat.

22. Ya iku luwih ngalingi,
angrasa luwih makripat,
andulu ing Pangeran,
Seh Jonet mangkya ngandika,
ing ndalem patkulmanan,
adawikulira iku,
ya iku sirik kang samar.

23. Yen ayun tumekeng jati,
aja angrasa makripat,
anembah muji ponang wong,
maring tingkah pari polah,
anyana sira dhawak,
ananging kalawan Hyang Agung,
ing satingkah pari polah.

24. Satengah wong ahlul supi,
sira ayun tumekeng Hyang,

anyirnakaken ponang wong,
ing edat sipat apengal,
miwah ing ananira,
dadya kabuka wong iku,
tan liya ing kuna-kuna.

25. Nabiyulah mangkya angling,
sing sapa weruh dhirinira,
mangka wruh ing Pangerane,
sapa weruh ing Pangeran,
tan wruh ing dhirinira,
kalingan dening Hyang Agung,
dat sipat lawan apengal.

26. Iku sampurnane tokid,
kang tan wruh ing dhirinira,
tan wruh ing liyane kabeh,
wus karip ing makam baka,
iku tokid sampurna,
tan wruh sembah pujinipun,
amangeran lagi nora.

27. Yen eling-eling pribadi,
sumaur ing dhewekira,
akon kinon ing dheweke,
amuji ing dhewekira,
mangeran lagi nora,
pan sampun dadi sakayun,
sampun weruh jatinira.

28. Sakehe sawiji-wiji,

iya iku ananing Hyang,
saking ing roh kakekate,
yen nora saking takyun,
liyan ing ananira,
lir gendhis kalawan juruh,
lir ombak lawan segara.

29. Yen sampun wruh sadat jati,
hakekat mohamadiyah,
manusa iku jatine,
ya Mohammad iya Allah,
jatine iku tunggal,
tan ana liyane iku,
iya Allah ya Mohammad.

30. Tatkala wus angawruhi,
maklumat satunggal-tunggal,
ing makam wahdat rasane,
miwah makam wakidiyat,
tanapi karidiyah,
weruh tunggal bedanipun,
iku wong karip sampurna.

31. Sampune mangkono malih,
den sami angawruhana,
kang kaparek ing Hyang Manon,
kalawan ingkang satunggal,
karit nawawil ika,
dadalan sun ta puniku,
karana amrih sihing Hyang.

32. Ingga tan ana ngawruhi,
ing puji klawan panembah,
sirna luluh panembahe,
datan darbe polah dhawak,
kagenten sipating Hyang,
ya sipat Maklumat iku,
wus kerem ing sipatullah.

33. Pangandikane Hyang Widi,
kalawan ingsun angucap,
miyarsa lan ingsun dhewe,
kalawan ingsun anembah,
lawan ingsun asalat,
kalawan ingsun lumaku,
lawan ingsun barang karya.

34. Kang kaparek lan nawawil,
iku wong pana ing sipat,
angawruhi ing sipate,
kalindhih ing sipatullah,
marga kalawan sunat,
kang dhumateng ing Hyang Agung,
gumanti Sri Naranata.

Sinom

1. Ping kalih karit parilah,
akarem ingkang sejati,
tan weruh ing jiwa raga,
hisya tan ana udani,
kalingan ing Hyang Widi,
tan ana liyan kang wujud,

kalindhih ing Hyang Suksma,
ing sagara tanpa tepi,
sampun sirna kalingan sagara mulya.

2. Dadalan tekeng ngayunan,
angawruhi wahdat jati,
ing ndalem martabat wahdat,
tan ana liyan sejati,
mangkono ta ing mangkin,
tan jumeneng dhewekipun,
mangkono ta ing mangkin,
tan jumeneng dhewekipun,
mokal jumeneng dhawak,
mokale kang anyar sami,
wus katutur ing rasa kitab di mulya.

3. Ya iku mokale Hisya,
jumeneng klawan pribadi,
nora weruh dhirinira,
hisya tan ana udani,
ing roh ing dhirineki,
anging kalawan Hyang Agung,
mangkono pan mulanya,
kalindhih ing wahdat jati,
sampun tunggal ing tingal atunggal rasa.

4. Rasa tunggal agembolan,
kang sinung rasa sejati,
tan emut ing jiwa raga,
tan ana liyan sejati,
anging kang asung brangti,

tan ana liyan kadulu,
dhirine katingalan,
kalingan wahdat sejati,
iya iku suale karit parilah.

5. Kang keparek kaping tiga,
winastan Kaboasani,
kang angumpulaken ika,
kang kaparekan nawawil,
ora kalawan tapsir,
sampurna enggon kang luhur,
catur karibul atna,
tertamtu Nabi sinelir,
iya iku kang parek tanpa watesan.

6. Dedalan maring Hyang Suksma,
luwih akeh iku mangkin,
saking wiwilangan napas,
dadalan maring Hyang Widi,
kakalih ingkang warni,
amengku sagunging enur,
tegese enur ika,
dadalane ing munpasil,
iya iku wahdat lawan wakadiyat.

7. Satengah wong ahlul wahdat,
ningali maring Hyang Widi,
ing ndalem hisya katingal,
kale nora aningali,
kalingan ing sejati,
nanging Huang kang Maha Luhur,

tan ana kang katingal,
liyane ingkang sejati,
iya iku paningal ingkang satengah.

8. Tingal kang luwih utama,
ningali maring Hyang Widi,
ing ndalem hisya katingal,
hasyia iku ningali,
ing enggon Hyang sejati,
kalihe sami andulu,
iku tingal ambiya,
lan suksma anuting nabi,
katingalan kalihe tan kena pisah.

9. Tan ngalingi ingalingan,
kalihe katingal sami,
amung kang para ambiya,
tan kandheg maklum puniki,
miwah ing kale iki,
kakalih sami andulu,
maklumat lawan ekak,
iku tingal kang utami,
tan kalingan kakalih tan katingalan.

10. Satengah tedah ing wahdat,
angandika Kanjeng Nabi,
Panutan Nabi Mohammad,
panguwasane Hyang Widi,
lamun anaha iki,
andhawuhaken wong iku,
iku talining timba,

den dhawahaken aneng siji,
sayekti ana tetali timbaning Allah.

11. Nabiyolah angandika,
kang sinung rahmat Hyang Widi,
luwih bener ing pangucap,
kang wus kasebut ing dalil,
Kitab Lulbak mangkya ling,
sakehe hisya puniku,
liyan saking Hyang Suksma,
sadaya punika napi,
iya ika tingale wong ahlul wahdat.

12. Den weruh tegese nora,
napine sawiji-wiji,
iku rohe dhewekira,
priyangga ing ndalem cermin,
napi ing roh pribadi,
dat sipat apengalipun,
nanging anane ika,
ingkang andarbeni iki,
majanggeku angilo ndalem paesan.

13. Sirnane mayangga ika,
ing Wali iku ndarbeni,
mayangga iku den awas,
sumektane wong kang supi,
den grahita neng ngati,
arungsit ujar puniku,
akatah wong kasasar,
andalih den dalih malih,

upamane lir ujah tibeng sagara.

14. Tegese Wali den awas,
pangandikane Hyang Widi,
kasebut ing ndalem Kurhan,
satuhune Wali-Wali,
Wali maring Hyang Widi,
sakehe panggawe iku,
kang ndarbeni Hyang Suksma,
dadya panggawening Wali,
ala becik pan iku saking Hyang Suksma.

15. Dadya wong Ngarib tumingal,
ing ndalem wahdat sejati,
sakathahe kang gumelar,
sadaya punika napi,
iku tegese Wali,
sakathahe gawe iku,
tan liya ing Hyang Suksma,
amung tingale wong Ngarib,
iya iku tegese Wali Pangeran.

16. Tegese Wali Pangeran,
tegese kawula Wali,
kawula iku kawula,
Pangeran tan dadi kapti,
balik iku Hyang Widi,
kakekat Wali puniku,
kawula nggone nyata,
kahananira Hyang Widi,
ora mantra-mantra ing budi wicara.

17. Satengah wong ahlul wahdat,
Seh Abuyajid mangkya ngling,
pan iku ingkang anembah,
amuji maring Hyang Widi,
nulya grahiteng mami,
anulya mungguh katengsun,
ing puji sembahingwang,
sembah pujine Hyang Widi,
tan ndhingini ing puji sembah manira.

18. Angandika Seh Mohammad,
pira-pira iku dalil,
kang atuduh maring wahdat,
ing Kurhan miwah ing kadis,
maring sembah wong supi,
kang ora sun tulis iku,
angandika Hyang Suksma,
ing Masrik miwah ing Mahrib,
iya iku sadaya pan darbek ingwang.

19. Mring endi adhepira,
mangkono dhateng Hyang Widi,
tajali wus nyateng hisya,
tetela nyata dumeling,
dat sipating Hyang Widi,
miwah ta apengalipun,
wus nyata ndalem hisya,
kalakuwaning Hyang Widi,
tan kajaba ya hisya kalawan sadrah.

20. Sing sapa ayun tan wikan,
ing ngelmunira Hyang Widi,
yogya sami ngguguruwa,
ingkang sampun tekeng jati,
ingkang tuduh ing margi,
dhumateng rasa Hyang Agung,
dumadi lan sulaya,
sarta pituduhing Widi,
wruh ing rasa pan bangsa ngelmu Pangeran.

Kinanti

1. Gitane gendhing winuwus,
arsa anembang kinanrthi,
apeksa akumawiya,
melu lampahe wong singgih,
wong anom tan wruh ing basa,
peksa melu brateng Widi.

2. Amila punuwun ingsun,
dhumateng rehing Hyang Widi,
mugi hamba pinaringan,
pinanjang aneng donyeku,
lan muga asunga berkah,
supangat andika Nabi.

3. Widada anut ing dhawuh,
dhadhawuhira Hyang Widi,
madhep manteptrusing manah,
ngawruhi Hyang Suksma jati,
awake kang kinawruhan,
kalih warna kathah neki.

4. Awake lahir kadulu,
   yen ayun tumekeng jati,
   aja na wong kang atinggal,
   ing sarak andika Nabi,
   lahir batin den kareksa,
   anut sarengate Nabi.

5. Laillah haillolahu,
   tinulis ing sanubari,
   wahuwa hisim jalolah,
   tinulis ing ndalem kapti,
   tinulis kalawan kiyas,
   lir mas warnanira tulis.

6. Aja sira lali ndulu,
   ing siyang kalawan ratri,
   iku kang gawe marga,
   tumeka maring Hyang Widi,
   aja na kandheg ing nama,
   den weruh kang darbe hisim.

7. Hisim jalolah atuduh,
   ingkang andarbeni hisim,
   iku dat kang wajib kidam,
   kang langgeng kang Maha Suci,
   kang amor kang amisesa,
   salirira kang dumadi.

8. Tatkala ajun andulu,
   ing hisim ingkang tinulis,

lir emas gumilang-gilang,
tinulis ing sanubari,
aja nyana sira dhawak,
ningali warnane hisim.

9. Andulu ingkang kadulu,
warnane hisim ywa lali,
aja nyana sira dhawak,
ciptanen sajrone kapti,
tumingal hisim jalalah,
warnane nora ndheweki.

10. Aja nyana sira iku,
nyana klayan kang sejati,
lahire hisim jalolah,
enur iku angebeki,
amijil saking nurullah,
anglimputi ing roh jisim.

11. Sahengga wong sirna iku,
tan ngawruhi ing roh jisim,
miwah ingkang pujinira,
tan weruh kawula Gusti,
wus kerem ing makam baka,
sagara tanpa tepi.

12. Yen ayun oleh pituduh,
ciptanen siyang lan ratri,
pesunen dipun waspada,
aja pegat aningali,
mring ing hisim jalalah,

ningali sawiji-wiji.

13. Satengah wong alim muwus,
yen ayun tumekeng jati,
den sami angguguruwa,
mring gurunira sejati,
poma ywa nganti kesasar,
ngguguru mring setan baring.

14. Ora tumeka Hyang Agung,
kesasar ing dalem margi,
tan oleh ngelmu kamulyan,
tan weruh ing ndalem margi,
tan tumeka ing Pangeran,
tan olih ngelmu sejati.

15. Jeneng wong datanpa guru,
tan antuk pituduh jati,
tingale angurayangan,
kesasar ing ndalem margi,
lir pitik kelangan biyang,
tan ana kang den tutwuri.

16. Sampun oleh ing pituduh,
tan kewran ing ndalem margi,
akathah dedalaning Hyang,
luwih akeh iku mangkin,
saking wiwilangan napas,
sadaya tuduh kang jati.

17. Tan kandheg nggennya lumaku,

yen antuk wisik kang jati,
datan kandheg aneng marga,
tumeka maring Hyang Widi,
endi marga kang den ambah,
atuduh maring Hyang Widi.

18. Kan sampun oleh pituduh,
tan kewran ing ndalem margi,
wong Ngarib mangkya ngandika,
yen ayun tumeka pati,
yogya sami ngathahana,
adhikir maring Hyang Widi.

19. Sakehe dadalan iku,
tan ngluwihi saking dhikir,
kang maring dedalaning Hyang,
tan ana iku madhani,
luwih parek ing dadalan,
kang tumekeng ing Hyang Widi.

20. Yen ayun oleh pituduh,
anut ngandikaning Widi,
yen sira datan anuta,
duraka maring Hyang Widi,
aja pegat murakabah,
wus madya saking ing dhiri.

Mijil

1. Tembang mijil anuwuhaken brangti,
sakehing ponang wong,
mirong-mirong mring ing sasamine,

pra manusa kang samya dumadi,
de tan wruh ing jati,
tansah andelamung.

2. Den waskitha wekasan dumadi,
den weruh ing ngendon,
yen leksana wuwus ing tengahe,
yen anuta wekasan dumadi,
lenaning taberi,
ambabar tekabur.

3. Tatkalane metu saking dhiri,
tumekeng Hyang Manon,
tan ningali maring ing dhirine,
sirna luluh pan kadya ing nguni,
liyane Hyang Widi,
kang aneng sireku.

4. Wong kang sampun tumekeng Hyang Widi,
tan ningali kang wong,
sembah puji amudji dhirine,
wus kalindhih ing wahdat sejati,
amuji-pinuji,
ayun wruh wong iku.

5. Kumpulane sembah lawan puji,
puji wali koko,
puji wali maring ing karsane,
asung-asung pamujinireki,
pamujine dasih,
wangsul mring Hyang Agung.

6. Luwih utama wong-wong kang dhikir,
ayun tunggal kang wong,
dhikir iku ing ndalem dhikire,
tan angrasa anembah amuji,
saking ing roh dhiri,
tegese wus kumpul.

7. Yen sampun wruh wirasating tulis,
dadya wruh ponang wong,
angawruhi maring sejatine,
ingkang bisa ya iku Illahi,
tan nana ngawruhi,
maring ing Hyang Agung.

8. Yen wus wruh jatine manungseki,
mangkono ponang wong,
sanjatane Mohammad jatine,
datan samar puniku kang warni,
pan nyata ing dhiri,
myang ing Nabi Rasul.

9. Yen sira yun tumeka ing jati,
anut sira pakon,
anyegahna sira ing cegahe,
sira anuta ing srengat Nabi,
ywa durakeng Nabi,
miwah ing Hyang Agung.

10. Pangandikanira Hyang Sejati,
angucapna kang wong,

lamun ana asihira kabeh,
maring Allah ing anane ugi,
mangko Allah asih,
ngapura kang anut.

11. Aja anut wong iku kang dhiri,
miwah ingkang katon,
yen jumeneng lawan Pangerane,
sakalire sakehing dumadi,
pan tan andheweki,
ing ananireku.

12. Aja nyana liyaning Hyang Widi,
salire kang Katon,
aja sira kleru ing lakune,
kerem maring anane dumadi,
kabeh iku sisip,
salire kang tuwuh.

13. Muga antuk berkating Hyang Widi,
tumekaha enggon,
wirasating tulis iku kaben,
muga antuka pituduh.

14. Yen ambuka rasa kang sejati,
anglampahi pakon,
anjawekken ing Topah basane,
kang sinurat jroning langen gendhing,
antuka berkating,
ing guru saestu.

15. Sampun tamat kang Topah Mursalim,
mengku rasa kaot,
sakathahe ing wong supi kabeh,
ngelmu rasa kang bangsa Rubani,
sarta rapal neki,
pamengkune agung.

16. Miwah ngelmune kang bangsa supi,
kemeng aneng njero,
Kitab Mursalim kabeh isine,
saking ngelmune kang bangsa Illahi,
pan iku abadi,
lire Topah luhur.

17. Sakehe ngelmu Makripat Tokid,
kabeh kang aneng jro,
Topah iku wus kumpul murade,
datan ana ngelmu kang ngluwihi,
saking wirasating,
ngelmu Topah iku.

18. Muga antuk ngapuraning Widi,
sakehe kang maos,
awit saking nglampahi tuduhe,
surasane Kitab Topah iki,
salat daim pasthi,
Allah-Allahu.